



ETA NEW YORK
BIWO SÈVIS POU ABI ALKÒL AK DWÒG

KONSANTMAN POU DIVILGE ENFÒMASYON
KONSÈNAN
MOUN YO AKIZE K AP KONDI PANDAN YO ANBA ALKÒL/DWÒG
SISTÈM CHOFÈ KI ANBA ALKÒL/DWÒG
(IMPAIRED DRIVER SYSTEM (IDS))

Non Fanmi Moun nan Prenon Dezyèm Prenon
ID Kliyan DMV Moun nan (Nimewo Lisans Chofè):
Non ak Adrès Ajans ki bay Rekòmandasyon an:

Nimewo Dosye oswa Referans Dosye Moun nan:
Kalite Ajans ki bay Rekòmandasyon an
[] Founisè Sèvis IDP
[] Tribinal [] Founisè ki Gen Apwobasyon OASAS
[] DMV [] Chofè

ENSTRIKSYON YO: 1) BAY YON KOPI FOM SA A KI RANPLI A POU MOUN KI APLIKE A; EPI 2) AJOUTE YON KOPI FÒM SA A KI RANPLI A NAN DOSYE MOUN NAN

Mwen, ki siyen anba la a, mwen BAY KONSANTMAN mwen epi mwen bay otorizasyon pou yo divilge enfòmasyon ant epi pami Ajans ki Bay Referans ki endike anwo a ak ajans ki endike anba la yo:
• Founisè OASAS apwouve mwen:
• Pwogram mwen pou chofè alkòl enpakte (Impaired Driver Program (IDP)):
• Biwo Sèvis pou Abi Alkòl ak Dwòg (Office of Alcoholism and Substance Abuse Services (OASAS)) Eta New York, Depatman Veyikil-a-Motè (Department of Motor Vehicles (DMV)) Eta New York, Biwo Administrasyon Tribinal (Office of Court Administration (OCA)) Eta New York ak Divizyon Sèvis Jistis Kriminèl (Division of Criminal Justice Services (DCJS)) Eta New York (DCJS ap resevwa enfòmasyon ki pa idantifye ou pèsònèlman pou fè rechèch sèlman);
pou DIVILGE ENFÒMASYON konsènan nenpòt ak/oswa ansyen enfòmasyon ki konsène zak konduit mwen pandan mwen anba alkòl/dwòg tankou kondanasyon anvan (yo) ki gen pou wè ak lè mwen te kondi pandan mwen te anba alkòl/dwòg ak lòt vyolasyon lwa sikilasyon ki note nan dosye kondi machin mwen ak eleman enfòmasyon ki endike anba la yo:
Chofè: ID kliyan DMV, premye de (2) lèt non fanmi pou kounye a ak non fanmi lè mwen te fèt, sèks li, dat mwen fèt ak kat (4) dènye chif SSN mwen.
Vyolasyon: dat vyolasyon an, non tribinal la, vyolasyon an, premye de (2) lèt non fanmi an pou kounye a, nivo BAC, endikasyon refi pou fè tès chimik, si genyen, ak yon endikasyon lisans lòt eta, si genyen.
Egzamen: non founisè/pwogram, dat egzamen an, endikasyon referans pou evalyasyon, si genyen, ak endikasyon zouti yo itilize pou fè egzamen an.
Evalyasyon: sous referans, non founisè/pwogram, dat evalyasyon an kòmmanse ak dat li fini ak kondisyon evalyasyon an.
Tretman: non founisè/pwogram, dat admisyon, dat egzayat, kantite sesyon ak kondisyon egzayat la.
IDP: non pwogram nan, dat li kòmmanse ak dat li fini, endikasyon referans evalyasyon an, si genyen, ak kondisyon enskripsyon nan IDP.
Yon divilgasyon konsa se pou OBJEKTIF pou pèmèt ajans ki endike anwo a divilge eleman enfòmasyon ki endike yo pou yo kapab rasanble done, fè swivi, kontwòle aktivite founisè yo ak pwogram yo. Sèten eleman enfòmasyon yo divilge ba chak ajans ap sèlman eleman enfòmasyon minimòm ki nesèsè pou ajans lan fè sèvis ofisyèl li ki gen pou wè ak zak kondi machin anba alkòl/dwòg an konfòmite avèk Lwa sou Veyikil ak Sikilasyon Machin (Vehicle and Traffic Law (VTL)) Eta New York.

Mwen, ki siyen anba la a, mwen li sa ki anwo a, epi mwen otorize ajans k ap divilge enfòmasyon yo epi ki endike anwo a divilge, jwenn ak bay enfòmasyon sa yo jan sa endike nan dokiman an. Answit, mwen rekonèt, sof si gen lòt endikasyon, konsantman sa a ap bay otorizasyon pou itilizasyon enfòmasyon pou kore rechèch ak mezi asirans kalite pou OASAS, OCA, DCJS ak DMV epi l ap rete anvigè pou rezon sa a epitou mwen pa kapab anile li pou yon peryòd dis (10) ane jan sa annamoni avèk peryòd konsèvasyon dosye nan NYS VTL §201(1)(i) ak kondisyon NYS VTL §1192 pou detèmine nivo zak DWI.

Mwen rekonèt divilgasyon enfòmasyon pèsònèl mwen nan DMV anba kontwòl Lwa Federal sou Pwoteksyon Enfòmasyon Prive Chofè (Federal Driver's Privacy Protection Act), 18 USC §2721 epi siyati mwen ki anba la a reprezante otorizasyon mwen bay pou DMV divilge enfòmasyon pèsònèl mwen yo ba ajans ki endike anwo a.

Mwen rekonèt tou nenpòt divilgasyon enfòmasyon ki idantifye mwen ap annamoni avèk Tit 42 Kòd Règleman Federal 42 CFR, Pati 2; ap kontwòle konfidansyalite dosye pasyan abi alkòl ak dwòg, ak Lwa 1996 sou Transferabilite ak Responsabilite Asirans Sante (Health Insurance Portability and Accountability Act (HIPAA)) 45 CFR Pts. 160 ak 164; epitou gen entèdiksyon pou re-divilge enfòmasyon siplemantè sa yo ba yon ajans endepandan ki pa sa ki endike anwo a san mwen pa bay otorizasyon siplemantè alekri.

NÒT: Nenpòt enfòmasyon yo divilge nan fòm sa a FÈT POU akonpaye avèk fòm Entèdiksyon sou Re-Divilgasyon Enfòmasyon Konsènan Pasyan k ap Swiv Tretman pou Akoutimans nan Sibstans Chimik (TRS-1)

Mwen rekonèt anjeneral pwogram nan ka pa poze kondisyon pou tretman mwen sou si mwen siyen yon fòm konsantman, men nan sèten sikonstans limite yo ka ban mwen refi pou tretman an epi/oswa yo ka detèmine mwen pa kalifye pou Pwogram Chofè Alkòl Enpakte si mwen pa yon fòm konsantman. Mwen te resevwa yon kopi fòm sa a, jan mwen rekonèt sa avèk siyati mwen ki anba la a.

(Ekri Non Moun nan an Lèt Detache) (Siyati Moun nan)

(Dat Siyati a) (Siyati Paran oswa Responsab Legal Moun nan, si Genyen)